

# Resous pou Redwi Estrès pandan Fèt Fen Dane yo

---

Release Date: Desanm 19, 2017

**ST. CROIX, Zile Vyèj** – Pandan tout sezon fèt yo ofisyèl federal ak territoryal yo ta renmen raple tout rezidan yo pou yo okipe tèt yo epi pou pa pran risk. Abitan Zile Vyèj yo ki te pèdi kay, biznis oswa pwopriyete pèsonèl yo, gendwa gen difikilte pou jere enpak emosyonèl dezas la. Pou moun ak fanmi yo k ap eseye rekonstwi, peryòd fen dane an k ap pwoche gendwa penib anpil.

Yo konseye sivivan yo ki resanti emosyon tankou chòk, difikilte pou konsantre ak pwoblèm pou dòmi pou yo pale avèk yon moun osijè eksperyans yo te viv lan. Sivivan yo gendwa kontre ak konseye kriz nan Sant Redrèzman aprè Dezas FEMA (FEMA Disaster Recovery Centers) yo ki chita nan tout teritwa a. Konseye kriz yo gendwa bay referans pou al wè lòt pwofesyonèl sante.

Administrasyon Sèvis Abi Dwòg ak Alkòl ak pou SèvisSante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) bay sipò nan plizyè lang ak konfidansyèl nan Nimewo Gratis pou Dezespwa Dezas (Disaster Distress Helpline). Rele nan **800-985-5990** oswa tekste TalkWithUs nan 66746 pou konekte ak yon konseye pou kriz ki byen fòme. Moun ki pale Panyòl gendwa rele nan **212-461-4635**.

Dezas yo gendwa fè timoun yo santi yo pè, yo konfi epi yo santi yo manke sekirite. Si yon timoun te gen yon eksperyans twomatism pèsonèlman oubyen li te tande adilt yo t ap diskite sou sa, li enpòtan pou paran ak pwofesè yo enfòme epi pare pou ede si reyakson pou estrès kòmanse parèt.

Li ka difisil pou pale ak timoun konsènan yon kriz, men li trè enpòtan pou ede yo fè fas. Ou kapab jwenn resous pou ede tèt ou ak pitit ou apre dezas la nan Sant Nasional pou Estrès Twomatik Timoun (National Center for Child Traumatic Stress) <http://www.nctsn.org/trauma-types/natural-disasters> oswa ou ka rele nan **310-235-2633** oubyen nan **919-682-1552**.



**FEMA**

Page 1 of 3

Gen resous adisyonèl ki disponib pou sivivan yo ki bezwen preskripsyon ak founiti medikal.

Mona Barnes, Ofisyè Kowòdinasyon Territoryal pou Ajans Territoryal Jesyon Ijans Zile Vyèj (Virgin Islands Territorial Emergency Management Agency) yo deklare: "Lè moun vin pa kapab fè aktivite woutin nòmal yo, yo ka pa okipe tèt yo ankò. Gen sèten ki menm sispann pran medikaman yo. Epi sa ka trè danjere."

Rezidan siklòn yo te afekte ki pa gen asirans preskripsyon gendwa resevwa yon rezèv 30 jou medikaman ki kalifye ak rezèv atik medikal nan men Depatman Sante Etazini ak Pwogram Asistans Preskripsyon Ijans Sèvis Imen (Human Services Emergency Prescription Assistance Program, EPAP). Pou kounye a, peryòd enskripsiyan an ap fini **1ye fevriye 2018**. Si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan pwogram lan, rele **855-793-7470**.

###

*Gen asistans pou retabli ki disponib bay tout moun san nou pa gade ras, koulè, reliyion, nasyonalite, sèks, laj, andikap, kapasite pou pale Angle oswa nivo ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan **800-621-3362** (sèvis vokal, **711/VRS** – Sèvis Relè Videyo) (TTY: **800-462-7585**). Operatè ki pale plizyè lang disponib (peze 2 pou Panyòl).*

*Mision FEMA se pou sipòte sitwayen nou ak ekip entèvansyon ijans yo pou asire n ap travay men nan lamen antanke nasyon pou konstwi, kenbe ak amelyore kapasite nou pou pare, pou pwoteje nou, pou reponn ak pou nou retabli epi pou nou redwi tout danje yo.*

*Pou jwenn enfòmasyon ofisyèl konsènan aktivite retablisman yo apre pasaj Siklòn Irma, tanpri al gade nan [www.informusvi.com](http://www.informusvi.com) oswa nan [www.usviupdate.com](http://www.usviupdate.com). Swiv nou sou twitter nan [twitter.com/femaregion2](https://twitter.com/femaregion2) ak [www.facebook.com/FEMAUSVirginIslands](https://www.facebook.com/FEMAUSVirginIslands).*

*Pou bay lajan owa pou pwopoze tèt ou kòm volontè, kontakte òganizasyon volontè oswa charitab ou pito a atravè Ajans Nasyonal Volontè ki Aktif pandan Dezas (National Voluntary Agencies Active in Disasters, NVOAD) nan [www.nvoad.org](http://www.nvoad.org). Moun ki ta renmen ede yo ta konsidere ke don **lajan kach** bay ajans volontè yo plis fleksibilite pou jwenn resous li plis bezwen yo epi sa ede ponpe lajan nan ekonomi lokal la pou ede biznis yo refè. Fondasyon Kominotè*



**FEMA**

Page 2 of 3

*Zile Vyèj (The Community Foundation of the Virgin Islands) gen tou yon “Fon pou Zile Vyèj yo” nan [www.USVIrecovery.org](http://www.USVIrecovery.org).*



**FEMA**

Page 3 of 3